- formation in a child of an aesthetic attitude to the world around him through various types of art through questions, quizzes, expressing opinions, discussions, through comparisons and contrasts;
- formation of initial knowledge of the basics of artistic culture, encouraging children's participation in activities related to the aesthetic design of the kindergarten space and the environment;
- teaching the child the use of artistic means of expression, various types of art;
- organization, if necessary, of correctional-compensatory, correctional-developmental work with children who have psychological constraints, are shy, poorly adapted and socialized to the conditions of kindergarten.

Systematization and disclosure of the content of the listed stages makes it possible to streamline the methods of music education in preschool institutions, improve the results of working with children, and improve the quality of the pedagogical activities of educators.

**REFERNCES**

1. Kopytin A.I., Svistovskaya E.E.Art therapy for children and adolescents.– M.: Cogito-Center, 2007. – 260 p.
2. Kiseleva M.V.Art therapy in working with children: A guide for child psychologists, teachers, doctors and specialists working with children.– St. Petersburg: Rech, 2008. – 160 p.
3. Kuznetsova A.G.The emotional impact of art on a primary school student as the basis for the use of art pedagogy.// Current problems of pedagogy and psychology: challenges of the 21st century: Collection of articles.2017. – pp. 122-127.
4. Nigmatova M.M., MirzaevaD.Sh.Art therapy as a means of adaptation of young children to preschool // Oriental renaissance: Innovative, educational, natural and social sciences.– T., 2022. – No. 1. – P. 1209–1215.
5. Chabrova T.L.Let's draw together.– T.: Complex Print, 2016. – 45 p.

## BILIMLENDIRIWDE INTEGRALLAP OQÍTÍWDÍŃ PEDAGOGIKALÍQ HÁM METODIKALÍQ TIYKARLARÍ

*Bekmuratova Ulmeken Keńesbay qızı,*
*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*
*1-basqısh doktorantı*

Keyingi jıllarda integraciya (óz-ara baylanısqan halda ilimiy-pedagogikalıq sheriklik dóretiwshilik ortalıǵın jaratıw) ideası jedel rawajlanıp atırǵan teoriyalıq hám ámeliy izertlewlerdiń tiykarı bolıp atır. Integraciya, bir tárepten, bilim alıwshıǵa «dúnyanı tanıstırıw» hám pánlerdiń ilimiy tiykarların biliwdi úyretse, ekinshi tárepten, oqıw waqtın gruppalastırǵan halda onı bos waqıtınan ónimli paydalanıwǵa uyretedi.

«Integraciya» sózi latınsha integratio - qayta tiklew, toltırıw, «integer»- pútkil sózinen kelip shıqqan. Integraciyalaw processinde bir-birine baylanıslılıq kólemi asadı hám tártipke túsedi.

Integraciya - arnawlı bir sistemanıń háreketi hám rawajlanıwın xarakterleytuǵın process bolıp, ol jaǵdayda sistema elementleriniń sanı hám óz-ara baylanıslardıń intensivligi artadı hám kúsheyedi. Nátiyjede bir-birine baylanıslılıq halları artıp baradı.

Integraciyalasqan tálim-tárbiya, pánler aralıq baylanıslardıń ayırım táreplerin dáslep Ya. Komenskiy, D. Lokk, I. Gerbart, M. Pestalotstsi, K. Ushinsiky sıyaqlı ilimpazlar baslap bergen. Bul jónelisti keyinirek T.Rizaeva, G.Akvileva, D.Troytap, G.Baltyukova, N.Belenkin, N.Drujnina, T.Nazerova, I.Blinova, R.Matyushova dawam ettirgen. Bul mashqala ózbek ilimpazlarınan R.Mavlyanov, Q.Abdullaeva, X. Qayumovlardıń jumıslarında izertlengen.

Pánler aralıq baylanıslılıq pedagogika pánindegi zárúrli didaktikalıq princip retinde uzaq waqıtlardan berli talqılanıp kelinbekte. Bilimlendiriw sistemasında oqıw pánleriniń óz-ara baylanısın támiyinlew máselesi mudamı aktual bolıp kelgen.

Úzliksiz bilimlendiriwde pánler aralıq baylanısıwdı támiyinlewdiń ayrıqsha tárepleri bar. Bul ayrıqshalıq mámleketlik bilimlendiriw standartı talapları tiykarında júzege kelgen oqıw dástúrin mazmunı menen xarakterlenedi. Pánler aralıq baylanıs bir tárepten oqıw pánleri ortasında, basqa bir

tárepten bolsa, kásiplik baǵdarlanǵan qánigelik beretuǵın oqıw pánleriniń óz-ara baylanısı tiykarında engiziledi. Sol sebepli búgingi kúnde pánler aralıq baylanısıw, tereń hám de bekkem bilim beriwde zárúrli shárt bolıp esaplanadı.

Mámleketimizde úzliksiz bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw mazmunı hám oqıtıw texnologiyası, onıń sıpat hám nátiyjeliligin arttırıw boyınsha alıp barılıp atırǵan reformalar bilimlendiriwdi insanıylastırıw, bilim alıwshılarda tayanısh kompetenciyalardı qáliplestiriwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq iskerliklerden paydalanıw imkaniyatın arttıradı. Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyasında «úzliksiz bilimlendiriw sistemasın jánede jetilistiriw, sıpatlı bilimlendiriw xızmetleri imkaniyatların arttırıw, miynet bazarınıń zamanagóy talaplarına muwapıq joqarı mamanlıqtaǵı kadrlar tayarlaw sıyasatın dawam ettiriw» áhmiyetli wazıypa sıpatında belgilengen.[1]

Ilim hám texnikanıń rawajlanıwı ilimiy xabarlar kóleminiń keskin artıwına alıp kelmekte. Sonlıqtan bilimlendiriwde tábiyiy – ilimiy bilimler kólemi de jıldan jılǵa artıp barmaqta. Aqırǵı jıllarda, ulıwma bilimlendiriw mekteplerinde oqıwshılar iyelewi lazım bolǵan bilimleri kólemin arttırıwdıń birden-bir jolı oqıw pánler sanın hám sabaq saatlar sanın kóbeytiw dep esaplandı. Oqıw kólemin orınsız keńeytiriw bolsa, oqıwshılar ushın artıqsha júklemeni, oqıtıwda sharshawdı keltirip shıǵardı. Aqıbette bul jaǵday oqıwshılardıń bilim sıpatı hám bilimlendiriw nátiyjeliliginiń páseyiwine sebep bolmaqta. Bul mashqalanı sheshiw, belgili dárejede bilim mazmunın integrallasqan bilimler tiykarında shólkemlestiriw, tábiyiy hám gumanitar pánlerden integrallasqan kurslardı jaratıw esabınan ámelge asırıw múmkinligin ilimpazlardan: Yu.I.Dik, A.A.Pinskiy, E.K.Straut, V.G.Razumovskiy, L.V.Tarasov; Ózbekstannan R.Ǵ.Safarova, P.Musaev, İ.V.Makuxina, M.Djumaniyazova sıyaqlılar óz ilimiy miynetlerinde kórsetip ótken. Sonlıqtan tábiyiy pánlerge tiyisli bilimlerdi integrallaw mashqalası, zamanagóy bilimlendiriwdiń eń aktual mashqalalarınan bolıp esaplanadı.

Psixolog P.K.Anoxin, E.Ǵozievler miydiń jumıs iskerligi integraciyalasqan xabarlarǵa baylanıslı bolıwı, xabarlardı integrallasqan kóriniste esapqa alıw, individtiń ózin basqarıw aktivligin arttırıwǵa, jetilistiriwge, dóretiwshilik qábiletiniń qáliplesiwine alıp keliwin tiykarlap bergen.

N.Poddyakova, B.G.Ananevler insan rawajlanıwında sociallıq, tábiyiy, psixofiziologiyalıq integrallasqan bilimler úzliksiz zárúrligin óz izertlewlerinde dálilleydi.

I.A.Mironenko XXI ásirde zamanagóy insanda sociallıq xarakterdi qáliplestiriw ushın kóp strukturalı formaciyada birgelikte integraciya hám sistemalı izertlew jumısların alıp barıw imkaniyatın jaratıw ideyasın alǵa súredi. Bul mektepler aldında turǵan tiykarǵı mashqalalardan biri dep aytadı. Mektep búgin dúnya ilimleri, til, ullı insanlar miynetinen úzilgen, izolyaciyalanǵan halda bolıwı múmkin emesligin kórsetedi. Sonday-aq L.S.Vıgotskiy hám S.L.Rubinshteynler «Psixologiyalıq enciklopediya» kitabında shaxstıń rawajlanıwında dúnya ilimleriniń roli hám olardıń tolıq integraciyasına sharayat jaratıw ideyasın alǵa súredi.

A.N.Zaxlebniy hám M.V.Rijkovlar pedagogikada qálegen varianttaǵı integraciyalasqan kurstı tek eki zárúr baǵıt tiykarında, kóp baǵıtlı hám ápiwayı baǵıt tiykarında qurıw zárúrligin usınadı. Olar bilimlerdi integraciyalawdı mekteptegi belgili bir predmetler mazmunında, oqıw dástúri, sabaqlıqlardı baylanıstırıw esabınan islew lazımlıǵın uqtıradı.

Ózbekstan ilimpazları óz izertlewlerinde, pánler aralıq integraciya mashqalası belgili dárejede óz ishine alǵan. E.O.Turdiqulovtıń doktorlıq avtoreferatında mektepte fizika oqıtıwda ekologiyalıq tárbiya máseleleriniń oqıtılıw metodikası islep shıǵılǵan, pánler aralıq baylanıs tiykarında talabalarǵa úyretiliwi zárúr bolǵan ekologiyalıq bilimler mazmunı anıqlanǵan, onda fizika hám astronomiya arasındaǵı integrativ materiallar mazmunı izertlew predmetinen tısqarı bolǵanlıǵı sebepli úyrenilmegen.

M.M.Mamadazimovtıń doktorlıq jumısında astronomiyalıq bilimlendiriwdiń úzliksizligi, Ana tábiyatımızdaǵı global ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwde astronomiyalıq bilimlendiriwdiń áhmiyeti, mektepke shekemgi bilimlendiriwden joqarı bilimlendiriwge shekem, beriletuǵın astronomiyalıq bilimler mazmunı, astronomiyanı basqa pánler menen integrallasqan tárizde oqıtıwdı ámelge asırıw usıllarınıń nátiyjeliligin sáwlelendirgen, biraq fizika hám astronomiyadan integrativ materiallardan paydalanıw izertlew predmeti bolmaǵanlıǵı sebepli tolıq izertlenbegen.

Respublikamızda integraciya mashqalası boyınsha jumıs alıp barıp atırǵan jetekshi ilimpazlardan R.H.Djuraev, oqıw pánleri boyınsha integrativ kurslardıń pedagogikalıq-psixologiyalıq tiykarların islep shıǵıw, integraciyanıń baǵıtı hám parametrlerin anıqlaw, oqıw júklemeleriniń nátiyjeli, optimal variantların belgilew, oqıw dástúrlerinde temalar aralıq integraciyanı ámelge asırıwǵa zárúrlik sezilip atırǵanlıǵın aytadı. Sonday-aq, R.Safarova oqıw processinde bir oqıw pániniń mazmunı sheńberinde de pánler aralıq integraciyanı ámelge asırıw zárúrligi, bilimlendiriw mazmunın integrallaw, integrativ sabaqlıqlar jaratıw zárúrligin usınıs etedi.

U.Musaev oqıw processin integrativ dástúrler hám sabaqlıqlar tiykarında shólkemlestiriw arqalı oqıw processinde nátiyjelilikke erisiwdi názerde tutadı. Sonıń menen birge, avtor integraciya processiniń tómendegi dárejeleri:

1. temalardı izbe-iz usınıw tiykarındaǵı integraciya;
2. oqıw dástúrlerinde óz-ara kelisken noqatlardı payda etiwge tiykarlanǵan integraciya;
3. gózlengen integraciya;
4. integrativ dástúrler;
5. temalar aralıq integraciya kórinisinde belgilep, oqıw mazmunın integraciyalawdıń ilimiy pedagogikalıq tiykarların islep shıǵıw zárúrligin aytadı.

Predmetler aralıq baylanıs úyrenilip atırǵan obiektti hár tárepleme tereń úyreniwdi támiyinleydi.

Ol pedagogikada predmetler aralıq baylanıs, óz-ara baylanıs hám integrativ baylanıs dárejelerinde túsindiriledi.

**Predmetler aralıq baylanıs** – óziniń áhmiyetine kóre keń túsinik bolıp, úyrenilip atırǵan obiekttiń túrli táreplerin, qásiyetlerin hár tárepleme ashıp beriwi názerde tutıladı.

**Óz-ara baylanıs** – áhmiyetine kóre eki predmet arasındaǵı baylanıslardı, yaǵnıy birinshi oqıw predmeti boyınsha ózlestirilgen bilim hám is-háreket usılların, ekinshisinde qollanılıwın kórsetedi.

**Integrativ baylanıs** – salıstırmalı joqarı dárejeli baylanıs bolıp, dáslep aytılǵanlardan oqıw dástúrine maqsetke muwapıq kiritilgenligi menen parıqlanadı hám álbette onı támiyinlewdi talap etedi. Nátiyjede obiekt háqqında sistemalı, bilim, is-háreket usılları qáliplesiwine imkaniyat jaratadı.

Predmetler aralıq baylanıs ornatıw ushın oqıw materialı mazmunı, psixologiyalıq, pedagogikalıq, didaktikalıq, metodikalıq jaqtan analiz etiledi. Pedagogikalıq ámeliyatta oqıw materialın temalar boyınsha hám dúzilisi analiz etiw usıllarınan keń paydalanıladı.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Узбекистон Республикаси Президентининг «Узбекистон Республикасини янада ривожлантириш буйича Ҳаракатлар стратегияси тугрисида»ги Фармони // Узбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари туплами. –Тошкент, 2017. –Б. 39.

2. Абдуллаева Б.С. Фанлараро алоқадорликнинг методологик-дидактик асослари (ижтимоий-гуманитар йуналишида академик лицейларда математика уқитиш мисолида) Автореф. пед. фан. докт. … дисс. – Тошкент, 2006. – 38 б.

3. Жураев Р.Н., Умранхужаев А. Интеграция – янги сифат // Узлуксиз таълим. –Тошкент, 2002. №1. –Б. 4-7.

4. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Таълимда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-уқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Тошкент: Истеъдод, 2008. – 180 б.

5. Кикин Д.Г., Самайленко П.Н. О методике преподавания интегрального курса физики и астрономии // Физика в школе, -Москва, 1992. №2. –С. 66-69.

6. Лаврентьева Н.Б. Педагогические технологии: Технология учебного проектирования в системе профессионального образования: учебное пособие / Н.Б.Лаврентьева, Т.С.Федорова. –Барнаул: АлтГТУ, 2003. -119 с.

7. Лутфуллаев М.Н. Олий таълим уқув жараёнини такомиллаштиришда ахборот технологияларини интеграциялаш назарияси ва амалиёти (Информатика ва табиий фанлар мисолида): пед.фан.док.дисс. … автореферати. –Т.:, 2006. -45 б.

8. Чепиков М.Г. Интеграция науки (Философский очерк). -М.: Мысль, 1981. -253 с.